

UJI KOMPETENSI WULANGAN

3

Wacanen kang patitis!

Ora padha karo kanca-kancane kang katon sumyah gumbira, Sodin wiwit mau mung lungguh ijen. Praupane peteng kaya ana bab sing didhelikake. Karepe Surti arep takon, nanging sedhela maneh mendhung peteng ing praupane Sodin banjur owah dadi udan brebel-brebel, mbrebes mili.

A. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi milih salah siji wangsulan kang paling bener!

- Ora padha karo kanca-kancane kang katon sumyah gumbira. Tembung sumyah gumbira kagolong tembung....
A. camboran B. saroja C. entar D. lugas
- Tembung sumyah gumbira tegese yaiku....
A. seneng banget B. susah C. bingung D. gela
- Praupane peteng** kaya ana bab sing didhelikake. Tembung praupane peteng kagolong tembung....
A. camboran B. saroja C. entar D. lugas
- Tembung praupane peteng tegese yaiku....
A. seneng banget B. susah C. bingung D. gela
- Mendhung peteng ing praupane Sodin banjur owah dadi udan brebel-brebel, mbrebes mili. Tembung owah dadi udan tegese yaiku....
A. udan B. banyu C. tangis D. kringet

B. Pilihèn aksara B yen pranyatan ing ngisor iki koanggep bener lan S yen koanggep salah!

NO	Pranyata	Bener utawa salah
1	Bocah-bocah katon padhang atine. Padhang atine kalebu tembung entar	B - S
2	Bocah-bocah katon padhang atine. Padhang atine tegese sedhih	B - S
3	Langite katon sumilak padhang. Tembung sumilak padhang kalebu tembung camboran	B - S
4	Parmin kuwi pancen bocah sing gedhe endhase. Tembung gedhe endhase tegese sombong	B - S

5	Guyune Parmin pancen ngabangake kuping. Tembung ngabangake kuping tegese njalari anyel	B - S
---	---	-------

C. Pranyatan ing ngisor iki gandhengna karo tembung kang wis cumepak, supaya mathuk!

No	Prayata	Wangsu lan
1	<i>Tuladha :</i> <i>Tembung loro kang tegese padha digandheng dadi siji dianggo bebarengan, duwe teges mbangetake diarani tembung</i>	D
2	Tembung loro kang digandheng dadi siji duwe teges anyar diarani tembung	
3	Tembung kang duwe teges ora sabenere diarani tembung	
4	Tembung kang duwe teges salugune	
5	Bima ora disangoni dhuwit ibune, nanging dibontoti jajan....	
6	Parmin iku bocah sing mula ora disenengi kancane.	
7	Tuladha tembung entar kang tegese " <i>Dadi omongane wong akeh</i> " yaiku	
8	Tuladha tembung saroja, kang tegese " <i>Jujur</i> " / " <i>Terus terang</i> ", yaiku	
9	Tuladha tembung camboran kang tegese " <i>Perang Gedhe</i> ", yaiku	
10	Tuladha tembung camboran tugel	
11	Jenise tembung camboran	

A. Nagasari

B. Lugas

C. Gedhe Endhase

D. Saroja

E. Entar

F. Camboran

G. Wancah lan Tugel

H. Blakasuta

I. Wedang

J. Kembang Lambe

K. Barata Yudha